



Lekòl Piblik Boston

Regleman Lekòl Madison Park Technical Vocational High sou Afè Admisyon

Reyinyon Komite Skolè Lekòl Piblik Boston 30 out, 2023

Doktè Lindsa McIntyre, Asistan Chèf Lekòl ak Afè Kontrandi
Robin Lee, Sipèntandan pou Lekòl Rejyon 9 yo
Laurinda Briggs, Asistan Lidè Lekòl
Jason Samaha, Madison Park Vocational Technical High School
Perino Watson, Direktè CVTE (Edikasyon Karyè Pwofesyonèl e Teknik)



Enfòmasyon Debaz

- **Jou 24 me, 2023, nou te prezante yon regleman ki te gen de (2) objektif suivan yo ladan l :**
 1. Satisfè regleman aktyèl Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè (DESE) yo ki egzije pou tout lekòl Edikasyon Karyè Pwofesyonèl e Teknik (CVTE) gen yon regleman sou afè admisyon
 2. Asire ke tout elèv ki enskri nan lekòl Madison Park Technical Vocational High School (MPTVHS) ap pran desizyon ki byen enfòm, e asire ke yo vle pousuiv yon edikasyon nan domèn karyè pwofesyonèl e teknik
- **Anba pwopozisyon orijinèl la, fòmilè demann elèv la te gen ladan l :**
 - Yon atefak (yon atik) ki montre ke elèv la enterese nan yon edikasyon pwofesyonèl
 - De (2) lèt ki soutni desizyon li
- **N ap enpleman yon sistèm lotri si ta gen plis elèv ki ta depoze yon kantite demann ki**



Reyaksyon Komite Skolè Boston an

Nou te tande ke gen twa domèn kote gen kèk enkyetid konsènan pwopozisyon orijinèl la :

1. Enpak l ap genyen sou elèv miltileng yo ak sou elèv sila yo ki gen andikap
2. Ka gen divès obstak posib pou elèv ki pi vilnerab yo (ki pi frajil yo)
3. Disponibilite konsèy/asistans pandan pwosesis demann nan



Regleman sou Afè Admisyon nou te met ajou

- **Ki sa n ap retire ?**

- Atefak/Atik
- De (2) lèt sipò

- **Anba nouvo pwopozisyon pou regleman an :**

- Ap gen yon sèl Deklarasyon Enterè (« Statement of Interest », SOI) k ap dekri :
 - Enterè elèv la nan edikasyon karyè pwofesyonèl e teknik (CVTE)
 - Ki jan lekòl MPTVHS ap ede elèv la atenn fiti objektif li yo
- Elèv yo kapab soumèt SOI yo nan plizyè fòm :
 - Ekri/Alekri
 - Videyo
 - Dyapozitif
 - Entèvyou/Antrevi



Regleman Ajou sou Afè Admisyon - Sipò pou Elèv yo

- **Ogmante sipò nou bay elèv yo nan fason nou founi :**
 - Divès sesyon san randevou (vityèl e an pèsòn)
 - Tradiksyon ak Entèpretasyon
 - Fèt nan lang prensipal (lang natif natal) elèv la
 - Divès egzàn ak kesyon moun souvan poze (FAQ)
- **Regleman ajou a prezève objektif suivan yo :**
 - Satisfè egzijans DESE yo
 - Asire ke tout elèv ap pran desizyon ki byen enfòme, e ke yo vle pousuiv yon edikasyon karyè pwofesyonèl e teknik (CVTE)